

C P D H P G : EMISSION DU 11.8.2017

THEME : IVYEREKEYE UGUSINZIKAZA UBUZIMA N'UGUFATA UMUNTU

BUNYAMASWA

1. Ugusinzikaza ubuzima n'ugufata umuntu bunyamaswa

Icaha c'ugusinzikaza ubuzima n'ikintu cose kigirirwa umuntu n'impaka gituma agira ububabare bwo ku mubiri canke aturubikwa kugira ngo atange inkuru canke yemere ibintu, ahanirwe icaha yakoze canke akekwa ko yakoze, canke cakozwe n'uwundi, mu kumutera ubwoba canke mu kumuremera, iyo ubwo bubabare buturutse ku mu kozi wa reta canke uwundi aserukira reta canke uwo yatumye, avyemeye ata gahigihigi canke yemeranye.

Ugusinzikaza ubuzima ntikwerekeye ububabare buvuye ku bihano biciye mu mategeko, bufatiye kuri ivyo bihano canke buturutse kuri vyo.

Nkuko tubisanga mu ngingo ya 205, uwo wese asinzikaza ubuzima bw'umuntu canke akamufata bunyamaswa, ahanishwa umunyororo uva ku myaka 10 gushika ku myaka 15 n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi 100 gushika ku mafaranga umuriyoni :

Icaha co gusinzikaza ubuzima n'ugufata bunyamaswa gihanishwa umunyororo w'imyaka 20 iyo :

1. Kigiriwe umwana atarashikana imyaka 18
2. Kigiriwe umuntu atishoboye bivuye ku myaka yiwe, ku bumuga, ku magara make yiwe canke ku bukehabwenge canke yibungenze.
3. Kigiriwe icabona, uwakorewe icaha canke uwasaba indishi, haba mu kumubuza gushikiriza ivyo azi, kwitwara canke kubishikiriza ubutungane, haba mu gushikiriza ibirego
4. Cakozwe n'abantu benshi canke bafashije mu kugikora

5. Hakoreshejwe ikirwanisho canke cakoreshajwe mw'iterabwoba

Uwagirizwa icaha ahanishwa umunyororo w'imyaka 30 iyo ugusinzikaza ubuzima n'ugufata bunyamaswa, vyatumye haba ugutemagura umuntu canke ubumuga budakira canke iyo vyajanye n'ugukubagurwa.

Ahanishwa ugupfungwa ubuzima bwose, iyo uwakorewe icaha yaciye apfa.

Nta gihe na kimwe caba ic'intambara canke iyo himirije intambara, c'ihungabanywa ry'ubutegetsu mu gihugu canke ikindi gihe cose kidasanzwe, cotangwa nk'insiguro y'ugusinzikaza ubuzima n'ugufata abantu bunyamaswa.

Itegeko ry'uwukurira umuntu kanaka canke ry'umutegetsu uwo ari we wese, ntirishobora kuba insiguro y'ugusinzikaza ubuzima bw'umuntu.

Ibihano bitegekanijwe mu ngingo ya 205, iya 206 n'ya 207, ntibishobora kugabanywa, umucamanza arashinga kwongera ku bihano bikuru bikuru, ukutarekurirwa kurangura umurimo wariko urarangurwa igihe hakorwa ico caha co gusinzikaza ubuzima bw'umuntu, hatirengagijwe n'ibindi bihano vy'imperekeza bitegekanijwe muri iki gitabu c'amategeko.

Ivyo bihano bivugwa mu ngingo za 205, 206 na 207, n'umunyororo uva ku myaka 10 gushika kuri 15, ihadabu ry'amafaranga ava ku bihumbi 100 gushika ku muriyoni, umunyororo w'imyaka 20 hamwe n'umunyororo w'ubuzima bwose iyo uwakorewe icaha yaciye yitaba imana.

2. Ukwica, ugukubita n'ugukomeretsa umuntu n'ibigirankana

Ingingo ya 210, ivuga ko uwishe, uwakubise canke uwakomerekeje umuntu kanaka canke uwo bahuye wese, afise agatima ko kumugirira nabi, n'aho ako

gatima koba gafise ibituma canke imvo gaturukako, n’aho nyene kwica yoba yihenze akica uwo atashaka kwica, bifatwa ko vyagizwe n’ibigirankana.

Igikorwa cose gitumye umuntu yica uwundi n’ibigirankana citwa ubwicanyi. Ico caha gihanishwa ugupfungwa umunyororo wo guherayo.

Icaha c’ubwicanyi gifise intumbero yo gutegura canke kworohera gukora icaha gisanzwe canke icaha gikomeye, kworohera uguhunga canke kwemeza ukudahanwa k’uwakoze icaha canke uwafashije gukora icaha gikomeye canke gisanzwe, gihanishwa ugupfungwa ubuzima bwose.

Uwishe se, nyina canke abandi akomokako bemewe n’amategeko, aba akoze icaha co kwica umuvyeyi, co kimwe n’uwishe se na nyina b’amaraso. Ico caha gihanishwa ugupfungwa ubuzima bwose. Igihano co gupfungwa ubuzima bwose gihanishwa kandi uwishe abana biwe, abo bavukana bemewe n’amategeko canke b’amaraso.

Icaha co kwica uruyoya, gikozwe na se canke nyina bemewe n’amategeko canke b’amaraso, ni ukwikora mu nda, ico caha gihanishwa ugupfungwa umunyororo wo guherayo.

Ukwica umuntu n’impaka vy’iteguriwe , ni ubwicanyi bw’agahomerabunwa. Ico caha gihanishwa ugupfungwa ubuzima bwose. Ukwitegurira kwica, kuvugwa igihe agatima ko kwica kaziriranga imbere yo gukora ico caha kandi bikibonekeza mu nyifato y’umuntu ashaka gukora ico caha.

Ingingo ya 214 ya rino tegeko, ivuga ko ukwica umuntu mu kumuha ibintu bishobora kumwica ubwo nyene canke haciye akanya gato, uko ivyo bintu biba vyakoreshejwe canke vyatanzwe kwose, ari icaha co gutanga ishano. Ico caha gihanishwa ugupfungwa ubuzima bwose.

Uwo wese atanze n’impaka ibintu bishobora kwica umuntu canke naho bitomwica, bikamusinzikariza amagara, ahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka 20, n’ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi 100 gushika ku mafaranga umuriyoni.

Abo bose, mu gukora ivyaha bikomeye bitegekanijwe mu ngingo ziri muri aka gace, bishe abantu bunyamaswa, bahanishwa umunyororo wo guherayo.

Ingingo ya 217, ivuga ko uwo wese yakoze n'impaka icaha co kwandukiza uwundi indwara idakira, ahanishwa umunyororo wo guherayo.

Ibi vyaha duhejeje kubadondagurira, ntibishobora kugabanywa. Umucamanza araca ibihano bikurubikuru akongera agashinga ingingo y'ugukurikiranwa mu mibano no mu butungane, hatirengagijwe ibindi bihano vy'imperekeza bitegekanijwe muri iki gitabu c'amategeko.

Uwo wese akomerekeje canke akubise uwundi n'ibigirankana, ahanishwa umunyororo uva ku mezi 2 gushika ku mezi 8 n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi 200 canke igihano kimwe muri ivyo.

Igihe icaha cakoze n'ibigirankana, uwagiriye ivyo vyaha ahanishwa umunyororo uva ku kwezi kumwe gushika ku myaka 2, n'ihadabu ry'amafaranga ibihumbi 200.

Iyo ugukubitwa canke ugukomeretswa vyandurutsemwo indwara canke ubumuga butuma uwakorewe ivyo vyaha ataco agishobora kwimarira, canke iyo vyatumye igihimba c'umubiri ataco agishobora kugikoresha canke caracitse canke iyo hakubiswe canke hagakomeretswa umugore yibugenze, uwakoze ico caha akaba yari azi ko yibugenze, uwakoze ivyo vyaha ahanishwa umunyororo uva ku myaka 2 gushika ku myaka 10 n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi 50 gushika ku mafaranga ibihumbi 200.

Ivyo bihano tubadondaguriye bishobora kugwizwa na 2 igihe uwagiriwe ivyo vyaha yakubise canke yakomerekeje uwo akomokako, uwo bubakanye canke umwana atarakwiza imyaka 18 y'amavuka canke uwundi muntu wese abana mu nzu n'uwakoze icaha canke iyindi ncuti yose yiwe canke abo bahanye abageni gushika kw'ishami rya 4.

Umuntu ari kw'ishami rya 4 aba ari umwuzukuru wa musaza w'umuntu.

Ingingo ya 222, ivuga ko uwo wese atemaguye abishaka umubiri w’umuntu, igihimba canke ibihimba vyawo, canke agatuma ico gihimba kidasubira kurangura ico cagenewe, canke yatumye umuntu ataco asubira kwimarira, canke indwara yo mu muntwe bidakira, canke akaba yamwononye nabi ku buryo ayoberana kumenya, ahanishwa umunyororo uva ku myaka 10 gushika ku myaka 100 gushika ku mafaranga ibihumbi 500. Imigenzo yo kugenyera igitsina c’umugore ifatwa nk’ugutemagura umubiri w’umuntu.

Igihe uwakubiswe canke uwakomerekejwe n’impaka apfuye, ariko uwakoze ivyo vyaha akaba ata mugambi wo kwica yari afise, uwo vyagiriye ahanishwa umunyororo uva ku myaka 5 gushika ku myaka 20 n’ihadabu ry’amafaranga ibihumbi 100.

Abasindira abantu canke babababaza buhorobuhoro n’impaka ariko ntihagire uwo baba bakomerekeje canke bakubise, ivyo bikaba vyerekeye cane cane abashiburiye ku bandi n’impaka ikintu ico arico cose gishobora kubatera ubuyega canke kubacafuza, ariko batashaka kubatyoza, bahanishwa umunyororo w’imisi 7 n’ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi 10 gushika ku mafaranga ibihumbi 50 canke igihano kimwe muri ivyo. (Abasuka imicafu ku bantu, kurya ibinuma, kwakiriza umuco mwinshi ku muntu n’ibindi).

3. Ukwica, ugukubita n’ugukomeretsa umuntu utabiteguye.

Ingingo ya 225, ivuga ko uwishe umuntu atabishaka canke kutitwararika, ugusamara, ukutitonda, ugufata minenerwe ibintu, urwangara canke

ukwirengagiza gucungera umutekano canke ukwitonda bitegekanijwe n'amategeko, ariko atashaka ko bimushikira, yagira icaha co kwica ata bigirankana.

Uwo wese yishe umuntu atabishaka, ahanishwa igihano c'umunyororo uva ku mezi atatu gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi 500 canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Iyo ngeso yo kwica umuntu utabiteguye, bitumye uwakorewe icaha avyimbirwa canke akomereka, uwagiriye icaha ahanishwa umunyororo uva ku kwezi kumwe gushika ku mwaka umwe n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi 10 gushika ku mafaranga ibihumbi 50, canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Uwahaye umuntu ibintu bishobora kumwica canke kumusinzikariza cane amagara akavyanduramwo indwara canke ubumuga butuma, ahanishwa ibihano bitegekanijwe mu ngingo ya 226: umunyororo uva ku mezi 6 gushika ku myaka 2, ihadabu riva ku bihumbi 50 000 gushika ku bihumbi 500 000.

Abakoresha ibintazi bituma umuntu yemera ku gushaka kwiwe canke ku gahato gukora ibintu bimusinzikariza amagara canke biyumvira ko bishobora kuyasinzikaza, kugira ngo baronke uwo begekako inabi yabashikiye canke kugira ngo bahinyuze ibindi boba biyumvira baravye inkurikizi z'ivyo bamutegetse gukora, bahanishwa umunyororo uva ku kwezi kumwe gushika ku myaka ibiri, n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi 50 gushika ku mafaranga ibihumbi 100 canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Iyo gukoresha ibintazi vyatumye yandura indwara canke ubumuga butuma ataco asubira kwimarira canke ugatuma adasubira gukoresha igihimba c'umubiri canke kigacika, abakoze ico caha bahanishwa umunyororo uva ku myaka 2 gushika ku myaka 20 n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi 100 gushika ku mafaranga ibihumbi 500 000 canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Bahanishwa ugupfungwa ubuzima bwose iyo uko gukoresha ibintazi kwatumye umuntu apfa.

Abakoze icaha co gukoresha ibintazi gitegekanijwe mu ngingo ya 229 canke abafashije n’abo babigizemwo uruhara mu gufasha gukora ububisha nk’uko bitegekanijwe mu ngingo ya 37 n’izikurikira z’iki gitabu c’amategeko.

Abandi bafatwa ko bakoze ico caha canke ko bafashije n’abo batumye n’ibigirankana mu buryo ubwo ari bwo bwose haba icyumviro co kubisaba, kubitegeka canke kubikora, umuntu yemeye gukorerwa iyo mihamuro, imusinzikariza amagara ntafatwa ko yakoze ico caha canke ko yafashije ababikoze.

Igihe ugukoresha ibintazi, biba icaha canke bitakiba, ari kwo kwatumye icaha gikorwa, ababigizemwo uruhara bahanwa nk’abafashije mu caha candurutsemwo kiretse berekanye ko batashoboye kumenya ko gikorwa.

Icaha candurutse kuri uko gukoresha ibintazi ntigukurikiranwa iyo candurutsemwo ubusuma canke ukugumya abantu ariko badakubaguwe canke ikindi caha kidakomeye.

Abafatwa ko bagize uruhara mu caha c’ugukoresha ibintazi ni abo bafashije gukora nk’uko bitegekanijwe n’iki gitabu c’amategeko, hamwe n’abo, mu buryo ubwo ari bwo bwose, batumye n’ibigirankana haba icyumviro co gutegeka canke gukoresha ivyo bintazi.

Uwo wese bigaragaye ko ari mu murwi canke mw’ishirahamwe rifatiye kw’idini canke ikindi kintu, bifise intumbero y’ugusinzikariza ubuzima bw’umuntu ahanishwa umunyororo uva ku myaka 5 gushika ku myaka 20.

Uwo wese atemaguye n’ububisha bwinshi ikiziga c’umuntu, ahanishwa umunyororo uva ku mwaka 1 gushika ku myaka 5, n’ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi 10 gushika ku mafaranga ibihumbi 100.

Nayo uwo wese yosatse umuntu yataye ubwenge canke yapfuye, afise agatima ko gukora icaha, ahanishwa umunyororo uva ku mezi atatu gushika ku mwaka 1 n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi 10 gushika ku mafaranga ibihumbi 100 canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 236, ivuga ko uwo wese asambura canke yonona imva canke amabuye yubakiye imva ahanishwa ibihano bitegekanijwe n'amategeko. Umunyororo w'amezi 3 canke umwaka ; ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi 10 gushika ku mafaranga ibihumbi 100.

Uwo wese yatumye canke yateguye kurya inyama z'abantu yabigizemwo uruhara canke yafatanywe inyama z'umuntu ariko arazifungura canke ariko arazitegura ngo azifungure ahanishwa gupfungwa ubuzima bwose.

Ugusomborotsa indwano hagati y'abantu babiri bihanwa n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi 10 gushika ku mafaranga ibihumbi 30.

Uwusomborokeje indwano y'abantu babiri mu gutangura gutukana mu buryo ubwo ari bwo bwose ahanishwa ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi 10 gushika ku mafaranga ibihumbi 50.

Ingingo ya 240, nayo ivuga ko uwurwanye n'uwundi bapfa ubugabo, ahanishwa umunyororo uva ku mezi 6 gushika ku myaka 3 n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi 10 gushika ku mafaranga ibihumbi 50 canke igihano kimwe muri ivyo.

Uwishe uwo bariko bararwana bapfa ubugabo, ahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka 10 n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi 50 gushika ku mafaranga ibihumbi 200.

I. UGUSOZERA

Ncuti bagenzi namwe mwese mudukurikira muri kino kiganiro c'agateka ka zina muntu, ndabibutse ko twariko turabira hamwe ivyerekeye ugusinzikaza ubuzima

n'ugufata umuntu bunyamaswa. Twabonye ibitari bike iyo bikoze, vyitwa ko ari ugufata umuntu bunyaswa n'ukumusinzikariza ubuzima. Ntitwagarukirije ngaho, twabonye kandi n'ibihano bitandukanye uwagiriwe n'ico caha aheza agahabwa iyo ubutungane busanze vy'ukuri kimwagira.

Ndabibutse ko ivyo twarabiye hamwe muri kino kiganiro twabikuye mw'ibwirizwa inomeru 1/05 ryo ku wa 22 ndamukiza 2009, rihindura igitabu c'amategeko mpanavyaha, kuva ku ngingo ya 204 gushika ku ngingo ya 241.